

Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 5 MILYON DOLA DISPONIB POU SIPÒTE MODÈNIZASYON REZO ELEKTRIK NEW YORK

Eta a p chache pwopozisyon pou ede modènize rezo elektrik New York ak sipòte entegrasyon resous enèji pwòp pou amelyore rezistans

Li Sipòte Nouvo Akò Ekolojik - Yon Pwogram Enèji ak Anplwa Pwòp Ki Se Lidè nan Nasyon an K ap Mete Eta New York sou yon Wout pou Netralite Kabòn

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse gen 5 milyon dola ki disponib pou pwojè ki pral ede New York entegre resous enèji renouvlab nan fason ki pral amelyore rezistans rezo elektrik lan. Yo pral evalye pwopozisyon pwojè yo selon jan yo amelyore pèfòmans jeneral rezo a, redui depans enèji yo epi sipòte objektif Eta a yo pou lidè nan nasyon an nan enèji pwòp pou kapab konbat chanjman klimatik. Anons sa a sipòte pwopozisyon Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo an pou reyalize 70 pousan enèji renouvlab apati 2030 ak fè Eta a tranzisyon nan yon rezo elektrik ki san kabòn apati 2040.

"New York se lidè atravè ekzanp nan konba kont chanjman klimatik, epi modènize rezo elektrik nou an se yon eleman vital nan wout nou an pou enèji pwòp ak netralite kabòn", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman entelijan sa yo nan rezo elektrik New York lan pral pèmèt entegrasyon resous renouvlab ki amelyore rezistans, asire yon sistèm sekirize ak fyab pou ane k ap vini yo."

"N ap fè investisman kontini pou amelyore rezo elektrik eta a, pou rann li pi avanse ak efikas", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou vle asire nou ke sistèm elektrik nou an pi entelijan ak pi rezilyan donk n ap prepare nou pou lè move tan frape. Modènizasyon enfrastruktir nou an ak rezo elektrik nou an avanse plis toujou efò agresif nou yo pou atenn objektif enèji pwòp nou yo pou yon anviwònman ki pi pwòp epi ki pi an sekirite."

Finansman sa a konsantre sou devlope ak amelyore teknoloji ki pral entegre ak siksè ak konekte resous renouvlab, tankou van ak solè, nan rezo elektrik New York lan. Pwogram sa a konplete 30 milyon dola Gouvènè Cuomo te [anonse](#) mwa pase pou sipòte devlopman ak amelyorasyon teknoloji, sa enkli otomatizasyon ak transmisyon resous enèji renouvlab.

Y ap ofri finansman atravè [Pwogram Rezo Entelijan ak Entegrasyon Resous Enèji Distribibe \(Smart Grid and Distributed Energy Resource Integration Program\)](#) NYSERDA an epi li disponib pou antreprenè, konpayi enèji pwòp ak chèchè ki gen solisyon ki konekte ak entegre resous renouvlab pi rapid ak pi efikasan. Finansman sa a sipòte

devlopman, demonstrasyon ak komèsyalizasyon pwodwi teknoloji inovan ki bese depans ak ogmante vitès pou kreyasyon renouvlab konekte ak rezo elektrik lan. Pwopozisyon yo ta dwe konsantre sou siveyans ak kontwòl a ba pri, evite retro-alimentasyon bò kote sistèm estokaj, ak fonksyonalite envètè ki pi entelijan. NYSERDA dwe resevwa tout pwopozisyon yo pa pita pase 15 Dawout 2019.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Resous enèji pwòp distribye tankou van, solè ak estokaj rete vital pou reyalize yon rezo elektrik ki pi pwòp ak pi efikas. Objektif enèji anbisyè Gouvènè Cuomo yo souliye nesite vital pou teknoloji inovan ki pèmèt entegrasyon renouvlab anndan sistèm elektrik nou an pou nou ka kontinye konstwi rezo fiti an".

Prezidan Enèji Asanble a (Assembly Energy) Michael Cusick, te di, "Investisman nan teknoloji enèji pwòp k ap fleri se yon desizyon entelijan ki pral prepare nou pi byen pou fiti enèji renouvlab nou an. Konstwi yon rezo enèji ki pi entelijan ak plis reyaktif pral pèmèt nou pi fasilman retire anbouteyaj nan transmisyon, redwi limitasyon enèji renouvlab, ak amelyore fyabilite global sistèm lan".

Yo pral aksepte pwopozisyon yo nan twa kategori pwojè: etid jeni, pwojè devlopman pwodwi ak pwojè demonstrasyon. Pwopozisyon yo pral resevwa yon pwosesis evalyasyon estrik ki pral gen nòt, klasifye yo ak bay yo prim ki baze sou kritè evalyasyon.

Dokiman konsèp pou pwopozisyon [Rezo Wot Pèfòmans](#) sa yo konsantre sou deplase efikasman enèji pwòp atravè rezo an lè yo devlope analiz done inovan; planifikasyon avanse, operasyon, ak zouti previzyon; ak devlopman solisyon sibèsekirite pou rezo modèn lan.

Depi 2016, NYSERDA te atribye apeprè 25 milyon dola atravè 55 kontra ki konsantre sou avanse rezo elektrik New York lan. Nan yon pwojè yo te resaman fini, NYSERDA te travay ak O'Brien and Gere ki te devlope yon zouti analiz ki baze sou Entènèt pou redwi pri ak tan ki nesèsè bò kote sèvis piblik yo pou jere aplikasyon entèkoneksyon Resous Enèji Distribye, patikilyèman pou pwojè enèji distribye ki pi gwo ak pi konplèks. O'Brien and Gere ap itilize zouti an kounye an apre yo te prezante plizyè etid ka bay Rezo Nasyonal (National Grid) ak Hudson Santral pou opinyon ak presizyon. An total, yo dedye 110 milyon dola anba Plan Investisman Modènizasyon Rezo nan Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund Grid Modernization Investment Plan) pou modènize rezo elektrik New York lan pandan 2022. Plis enfòmasyon sou finansman sa a disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se ajanda lidè nan nasyon an nan enèji pwòp ak djòb, pral pran mezi agresif pou mete Eta New York sou wout pou netralite kabòn onivo tout ekonomi an. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab pou enèji pwòp, sa k ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, youn nan objektif ki pi agresif nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fenk pwopoze a se yon ogmantasyon konsiderab Estanda Enèji Pwòp ki gen siksè New York la jiska 70 pousan kouran renouvlab apati 2030. Nan kad ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja

envesti 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè Eta a, pandan li ap ogmante yon fason konsiderab objektif enèji pwòp li yo, tankou: kwadruple objektif enèji ewolyèn New York la jiska 9,000 megawat antan ke lidè nan nasyon an apati 2035; double deplwaman enèji solè ki distribiye a jiska 6,000 megawat apati 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030. Pou sipòte travay anbisyè sa a, NY Green Bank gen entansyon pou itilize ekspètiz li pou simonte defisi finansye yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik nan kolekte plis pase 1 milya dola nan fon tyès pati yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima nan tout New York ak rès Amerik di Nò a.

Enfòmasyon sou Fon Enèji Pwòp la

5.3 milya dola Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) sou 10 ane a se yon eleman fondamantal nan Refòm estrateji Vizyon Enèji Eta New York la pou reyalize yon sistèm enèji ki pwòp, rezistan epi abòdab pou tout Nouyòkè yo. CEF la gen ladan l yon efò konsantre pou pote plis opòtinite enèji pwòp ak avantaj bay kominote ki gen revni ki ba oswa modere epi yo konsevwa li pou delivre sou angajman Eta New York la pou li akselere itilizasyon enèji pwòp ak inovasyon nan enèji epi ensite devlopman ekonomik pandan l ap diminye depans kontribyab yo. NY Green Bank, yon eleman kle nan CEF, te jenere 44.4 milyon dola nan revni pozitif nèt kòm rezilta investiman 581.9 milyon dola yo nan tranzaksyon sou enèji pwòp nan tout New York. Inisyativ 1 milya dola NY-Sun lan te deja ede fasilite yon ogmantasyon ki plis pase 1,000 pousan nan deplwaye enèji solèy depi 2011. CEF la sipòte tou Estanda Enèji Pwòp agresif New York la, ki egzije 70 pousan nan elektrisite eta itilize dwe soti nan sous enèji renouvlab vè lane 2030.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)